



### Selebre Semèn eritaj imigran

Chè Nouyòkè,

Semèn sa a, lekòl nan tout vil la pral selebre Semèn Eritaj Imigran—epi yo pral rekonèt plizyè fason imigran yo te kontribye pou fè vil nou an vin pi fò ak tèlman espesyal. Pandan m ap flannen nan vil la, richès kiltirèl ak divèsite nan kominote nou yo banm anpil enspirasyon. Tout mond lan ap viv nan Vil Nouyòk, epi nou akeyi moun ki soti nan tout pati sou glòb lan chak jou.

Nan Lekòl leta Vil Nouyòk, nou fyè pou n kontinye tradisyon depi lontan vil la pou onore ak selebre Nouyòkè ki pi nouvo nou yo. Chak elèv—kèlkeswa kondisyon imigrasyon l—gen dwa jwenn yon bon jan kalite edikasyon leta epi se devwa nou pou asire yo gen aksè nan sèvis konplè yo bezwen pou reyisi.

Nou tout konnen bezwen ak eksperyans chak timoun yo inik. Se poutèt sa n ap travay ansanm avèk ajans patnè nou yo sou yon kantite diferan tablo, espesyalman atravè [Project Open Arms](#), pou asire chak elèv gen aksè nan resous enpòtan yo. Anplis, nou ankouraje nouvo elèv yo pou chwazi [Pwogram Elèv k ap Aprann Lang Angle English Language Learner, ELL](#) ki byen adapte ak bezwen yo, epi nou bay tout materyèl tradui nan lang natifnatal yo.

Pou rekonesans gwo divèsite nan kominote lekòl nou yo, edikatè nou yo pratike ansèyman ki bay repons onivo kiltirèl epi yo lanse inisyativ Hidden Voices ki gen ladan leson ak materyèl k ap pi byen sipòte

aprantisaj elèv nou yo. Pi lwen pase aspè akademik la, nou ofri sipò sosyo-emosyonèl, sipò sante mantal sou twomatis nan chak lekòl, epi anpil nan lekòl nou yo rive satisfè bezwen sa yo lakay elèv yo tou.

Kòm Chanselye Lekòl leta Vil Nouyòk, elèv, pwofesè, ak lidè lekòl nou yo fè m santi m fyè anpil pou travay san pran souf yo akonpli nan dènye mwa sa yo pandan n ap akeyi nouvo Nouyòkè nou yo avèk bra ouvri. Nan tout vil la, gen elèv tankou Annabelle nan P.S. 24 nan Brooklyn ki pran tan pou kreye kat vwazinaj ak "gid vwayaj" pou nouvo fanmi yo pou konnen kibò pwèn enpòtan tankou biwo lapòs oswa bibliyotèk yo ye. Nan P.S. 33 nan Manhattan, elèv 4yèm ane yo te kreye diksyonè angle-panyòl pou ede nouvo kamarad klas yo aprann fraz kle pou yo ka fè nouvo zanmi. Epi nou rekonesan anpil pou paran nou yo ki te rive fè patenarya ak depo manje, òganize koleksyon rad, epi distribye valiz ki gen founiti klasik pou moun ki nan bezwen yo.

Vil nou an toujou rete kanpe avèk moun k ap chècheabri, epi nou santi n fyè pou kontinye eritaj sa a— epi kanpe fèm avèk tout Nouyòkè pandan Semèn eritaj Imigran yo.

Plane wo,

David C. Banks  
Chanselye

### **Aplikasyon pou Summer Rising lan ap kòmanse 17 avril**

Pòtal aplikasyon an pou Summer Rising 2023 ouvè kounye a! Ou ka aplike pou pwogram ranfòsman ak pwogram akademik gratis ete pou vil la nan [nyc.gov/SummerRising](https://nyc.gov/SummerRising). Ou ka wè tradiksyon pòtal la nan lòt lang epi ou ka ale ladan sou nenpòt aparèy ki gen koneksyon entènèt. Nou bay kowòdonatè paran yo trening pou yo ede fanmi ki bezwen sipò pou ranpli aplikasyon an. Peryòd aplikasyon an ap fèmen 1ye me, epi n ap konfime nan ki lokal yo voye pitit ou a anviwon yon semèn apre pa imèl.

### **Eleksyon pou Konsèy edikasyon Vil Nouyòk yo ap kòmanse 21 avril**

Vote pou manm Konsèy edikasyon pou kominote ak pou Vil ou a se youn nan pi bon fason pou oumenm ka gen yon enpak dirèk sou pwoblèm ki afekte kominote lekòl ou a. Pou vote, w ap bezwen yon Kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA) ki konekte avèk elèv lekòl leta Vil Nouyòk ou a. Si w pa gen yon kont, ou ka kreye yonn nan [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc) jodi a. Si w bezwen èd pou kreye yon kont oswa pou konekte timoun yo avèk li, pale avèk kowòdonatè paran lekòl ou a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan paran ki poze kandidati pou pòs nan konsèy lokal Tout Vil la [apps.schools.nyc/CECProfiles](https://apps.schools.nyc/CECProfiles). Vòt la ap kòmanse 9 me.

## Videyo Rezime Semèn lan

Boutik kominote P.S 7 la ede fanmi ki fèk vini nan East Harlem



Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).